*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№ 16 (6845) * 27 АПРЕЛЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 10 ЗУЛ-КЪАГIАДА 1447 с. *

III ТIОЛГОРОССИЯЛЪУЛ МУНИЦИПАЛИЯБ ФОРУМ

## Районалъул делегация Москваялда




**Москваялда 20 – 22 апрелалда, «Россия» миллияб централда ВАРМСУялъ, Россиялъул Президентасул Администрациялъул квербакъиялдалъун тIобитIана «Малая Родина – Сила России» абураб III ТIолгороссиялъул муниципалияб форум. Форумалда гIахьаллъи гьабуна Россиялъул муниципалиял сообществоялдаса 7 азаргогIан ва къватIиса хIукуматазул администрациялдаса 60 ялдаса цIикIун вакилзабаз. Форумалъул букIараб кIвар бихьизабуна Россиялъул Президент В. Путин гьелъул гIахьалчагIазде дандчIваялде вачIиналдалъун.**

Хьаргаби районалъул рахъалдасан форумалде вакил гьарун рукIана районалъул бетIер М. ТIагьиров, Хъвартихъуниб росдал бетIер ХI. МухIамадов ва Могьохъ росдал бетIер Д. ИсмагIилов.

Форум тIобитIиялъул аслияб масъалалъун букIана тIолго Россиялъул муниципалиял гIуцIиял церетIезаризе хIалтIи гьаби. Гьениб администрациязул рес букIана батIи – батIиял сферабазда гьоркьоблъи щула гьабизе, хIалтIул хIалбихьиял дандразе ва гьеб цоцада гьоркьоб бикьизе. ХIалтIулел рукIана анцI – анцI хIалтIулал площадкаби. Гьениб рес букIана коллегабазул тIаса рищарал лъикIал хIалбихьиял дандекквезе, пайдаял хIукмаби ралагьизе ва гIумруялде рахъинаризе ресал цIикIкIинаризе. Кинабго хIалтIул гIаммаб масъалалъун букIана Россиялъул муниципалитетазда гIадамазе гIумру гьабизе шартIал церетIезари, муниципалитетал цIияб борхалъуде рахинари.

Форумалъул программаялда рекъон хIисабалда букIана пленарниял заседаниял, тематическиял сессиязаби, гургинал столал ва мастер – классал тIоритIизе.

Форум тIобитIулеб лъабго къойида жанир гьабуна регионалияб кьо, тIолгороссиялъул муниципалияб «Служение» абураб премиялъе мустахIикъазе шапакъатал кьей ва халкъазул культурабазул «ВатIаналъул ракI» абураб фестиваль тIобитIи.

«Служение» муниципалияб премиялъул баян гьабуни, нилъер ракьцояв, Лаваша районалъул администрациялъул бетIерасул I заместитель ГIабдусалам Дибировасул «Лаваша ракьазул халкъазул гьудуллъи» абураб проект мустахIикълъана 2 бакIалъе. Абизе ккола, гьеб проекталъе гьаракь кьун букIана нилъер районалъул гIуцIиязул хIалтIухъабазги, хасго лъайкьеялъул гIуцIиязда бихьизабуна жигарчилъи.

Проекталъул бицани, Лавашаб гIуцIун буго батIи – батIиял тунка – хIунсиязе профилактика гьабиялъе тIубараб система: чIахIиязул совет, дагIба – рагIиялъул суалазда хадур халкколел ва гьел тIуразарулел медиаторазул сеть. Рагьун руго мастерскаял ва библиотекаби жанир ругел халкъалъул гьудуллъиялъул рукъзал, гIумруялде рахъинарулел руго цадахъал кооперативал ва лъай кьеялъул программаби.

Киналъулго хIасилалда, гьениб бажарулеб буго батIи-батIиял миллатазда гьоркьор тунка-хIунсиял риччангутIизе ва батIибатIиял миллатазул халкъалда гьоркьор гьарулел тадбиразда гIадамазул гIахьаллъи цIикIкIинабизе.

Ахиралдаги, форумалъул программаялда рекъон тIобитIараб культурабазул фестивалалда бихьизабуна нилъер, миллатал гIемераб Россиялъул халкъазул культураялъул бечелъи ва халкъазул цолъи.

Хьул буго, нилъер районалъул делегация районалъе пайдаял харбалгун рачIинин тIад руссун - ян.







## 1 маялъул байрамгун районцоял!

**ТIолалго районалъул захIматчагIазда ракIракIалъго баркула 1 Май - захIматалъулги цолъиялъулги ихдалилаб байрам!**

Кидаго гIадин исанаги гьеб байрамалда нилъеца дандчIвай гьабулеб буго рохалилаб ахIвал-хIалалда. Ихдалил заманалда кинабго тIабигIат макьидаса борчIидал, хасаб къагIидаялда цIилъула эркенаб ва гIуцIарухъанлъиялъулаб захIматалде рекIел хIажалъи.

ТIоцебесеб Маялъ нилъер къуват ва гьира базабула цIи - цIиял бергьенлъабазде лъикIалъикIал ишазде. Дунялалда гIемер жо хисана, амма хисичIого хутIана щивасул ракIбацIцIадаб ва хIасил кьолеб захIмат, нилъер районги, республикаги ва улкаги ва гьезул халкъазул гIумруги тIегьаялъе кьучIлъун жиб кколеб.

Биччанте 1 Маялъул исанасеб байрамалъ нужер киналго тIадегIанал хасиятал ва къасдал цIилъизаризе ва букIинеселда ракIчIей бижизабизе, киназулго рекIел хIал лъикIлъизабизе, щивасул рокьобе бакъул чIорлъунги лъугьун, щивасе талихI ва битIккей сайгъат гьабизе!

**М. ТIАГЬИРОВ,**
**Хьаргаби районалъул бетIер**

ХIИСАБ КЬЕЯЛЪУЛ ДОКЛАД

# «Хьаргаби район» муниципалияб районалъул 2025 соналда социалиябгун экономикияб рахъалъ гьабураб ва 2026 соналда гьаризе хIисабалде росарал хIалтIабазул районалъул бетIер М. ТIагьировасул

## ХI И С А Б

**2025 соналъул байбихьуде ругел баяназда рекъон районалда гIумру гьабулел ругел гIадамазул къадар 20515 чиясде бахуна, районалъул ракьазул къадар 345, 5 километралде бахуна. Гьеб ккола цо квадратияб километралда гIумру гьабулел ругел гIадамазул къадар анлъго чи. Районалъул территориялда буго 16 росу, 10 муниципалияб гIуцIи. чIахIиял росабаздасан ккола Хьаргаби, КIикIуниб, МагIлиб, ГIаймакиб.**



### Бюджет

2025 соналда районалъул бюджеталдасан харж гьабун буго 670946 азарго гъурущ, бюджеталде бачIун буго 662535 азарго гъурущ. Араб соналде бихьизабун букIараб налогазул ва налогазул гуреб доходазул план тIубазе гьабун буго 104%.

### Инвестициял

2025 соналда районалде рачIарал инвестициябазул къадар 40 601 227 гъурущалде бахана. Муниципалияб районалъ гIахьаллъи гьабуна Россиялъул федерациялъул ва Дагъистан Республикаялъул 8, Дагъистан Республикаялъул министерствабазул ва ведомствабазул 7 программабазда.

**1.** Дагъистан Республикаялъул транспорталъул министерствоялъул бакIалъулал кIваразул нухал къачIаялъул программаялда рекъон бачIана 11 872 380 гъурущ. Гьелда рекъон хIалтIаби гьаруна:

- Хьаргаби росулъ нухазде хъил ва бетон тIезе 1 342 310 гъурущ, гьелда тIаде росуцоязул кумекалдалъун 1800 азарго гъурущ. ГIаммаб къадар 3142 310 гъурущ.
- ГIаймакиб росдал нухал къачIазе – 1 619 570 гъурущ.
- МагIлиб росулъ 2 нух къачIазе – 1 342 310 гъурущ.
- КIикIуниб росулъ нухал къачIазе – 1 342 150 гъурущ.
- Хъвартихъуниб нухал къачIазе – 1925 680 гъурущ.
- Мурада росулъ нухал къачIазе – 608 480 гъурущ.
- Къудукь росулъ нухал къачIазе – 607 680 гъурущ.
- ЧIалда росулъ нухал къачIазе – 607 680 гъурущ.
- Могьохъ росулъ нухал къачIазе – 608 050 гъурущ.
- Курмиб росулъ нухал къачIазе – 1868 470 гъурущ.

Нухазул фондалдасан (акцизал) 8342, 400 азарго гъурущ биччан букIана районалъул 10 росулъ бакIалъулал кIваралъул нухал къачIазе.

- Хьаргаби росулъ нухал къачIазе – 1 350 000 гъурущ.
- ГIаймакиб росдал нухал къачIазе – 1 150 000 гъурущ.
- Хъвартихъуниб нухал къачIазе – 940 000 гъурущ.
- Мурада росулъ нухал къачIазе – 900 000 гъурущ.
- Къудукь росулъ нухал къачIазе – 214 000 гъурущ.
- ЧIалда росулъ нухал къачIазе – 214 000 гъурущ.
- Могьохъ росулъ нухал къачIазе – 424 400 гъурущ.
- КIикIуниб росулъ нухал къачIазе – 1 600 000 гъурущ.
- Курмиб росулъ нухал къачIазе – 350 000 гъурущ.

**2.** «50 азаргоялдаса дагьал чияз гIумру гьабулел росабалъ культураялъул рукъзал церетIезе гьариялъул» республикаялъул культураялъул министерствоялъул программаялда рекъон Хъвартихъуниб росулъ культурияб рукъ хьезе гьабиялъул мурадалда харж гьабуна 2 450 000 гъурущ.

**3.** Культураялъе пачалихъалъулаб квербакъи программаялда рекъон республикаялъул культураялъул министерствоялъул рахъалдасан муниципалияял библиотекабазул тIахьазул фонд щула гьабиялъе 2025 соналда биччана 155 467, 65 гъурущ. Ахирисеб анлъго соналда жаниб тIахьал росизелъун районалде биччан буго 1 250 000 гъурущ.

**4.** Республикаялъул экономикияб министерствоялъул бакIалъулаб жигарчилъи программаялда рекъон къотIи – къаял хъван рукIана 13 541 420 гъурущалде, бакIалъулаб бюджеталдасан 2150 000 гъурущалде ва районалъул гIадамаз бакIарун букIана 4 416 232 гъурущ. Гьел гIарцал харж гьаруна:

- Курмиб культурияб рукъалда сверухъ бакIалде 6 921 000 гъурущ.
- Хъвартихъуниб росдал Ю. Абакаровасул къватIалде бетон тIезе 5 232 980 гъурущ.
- Мурада росулъ лъим цIунулеб хIавуз гьабиялде 1 387 440 гъурущ.

**5.** Пачалихъалъулаб «Формирование комфортной городской среды» программаялда рекъон 2025 соналда ГIаймакиб росулъ бана кIиго сквер 2 975 027 гъурущалде, гьелдасан бакIалъулаб бюджеталдасан 700 000 гъурущ.

**6.** Республикаялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул министерствоялдасан районалъул 1-4 классазул цIалдохъабазе бухIилеб квен чIезе гьабизелъун биччан букIна – 13 525 862 гъурущ, сахлъиялъул рахъалъ гIорхъичIваял ругел лъималазе 1 358 000 гъурущ ва хасаб рагъулаб оперциялда гIахьаллъи гьабулезул ва рес гьечIел хъизамазул лъималазе 702 543 гъурущ.

Догазификация гьабиялъул программаялде гьоркьобе бачун букIана 2025 соналда МагIлиб гьоркьохъеб школа. Бюджеталдасан тIабигIияб газалдалъун школа хьезабиялъе биччан букIана 400 000 гъурущ., МагIлиб росдал меценатасул рахъалдасан – 2000 000 гъурущ.

2025 соналда проекталъулгун сметаялъул документал хIадурун лъугIизе гьаруна Хьаргаби культурияб рукъалъе, лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъе ва лъималазул творчествоялъул рукъалъе – 113 994 819 гъурущалде. Гьел ритIун руго РФялъул росдал магIишаталъул министерствоялде, «Комплексное развитие сельских поселений» программаялда гIахьаллъи гьабизе.

**7.** Республикаялъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон районалъул администрациялда жаниб лъун буго гIорхъолъа рорчIарал лъугьа – бахъинал ккараб бакIалде риччазелъун 400 000 гъурущалде бакIал раялъул материалал. Гьединго бихьизе гьабун буго 2 490 000 гъурущ районалъул 10 росулъ гIадамал ахIи бан рахъине гьарулел алатал росиялъе ва гьарун руго гьелъие къотIи – къаял.

**8.** ЦIи гьаруна Хьаргаби, КIикIуниб, Курмиб, Хъвартихъуниб росабалъе гьекъолеб лъим бачиналъе схемаби 250 000 гъурущалде.

**9.** Республикаялъул буголъиялъул министерствоялъул программаялда рекъон рагIалде рахъине гьаруна росабазда гьоркьор гIорхъаби чIезе гьариялъул суал. Жакъа къоялде районалъул 16 росабазул 109 территориалияб зонабазда гьоркьор чIезе гьарун руго гIорхъаби.

**10.** Республикаялъул мелиорациялъул министерствоялъ Хьаргаби росулъе рачIунел рахъазул реконструкция гьабиялъе биччана 3000 000 гъурущ.

### Росдал магIишат

Росдал магIишат ккола районалъул экономикаялъул аслияб бутIалъун. Гьелъул аслияб ккола ахихъанлъи ва боцIухъанлъи. Районалда бугеб росдал магIишаталъул ракьул къадар бахуна 27,9 азарго гаялде.

Районалда росдал магIишаталъ къватIибе биччараб продукциялъул къадар бахуна 3438,5 млн. гъурущ. Гьелдасан ахихъанлъиялда 615, 7 млн. гъурущ, боцIухъанлъиялда 722,8 млн. гъурущ. Районалда рухI рикIкIун къватIибе биччан буго росдал магIишаталъул продукция 65,24 азарго гъурущалде.

Росдал магIишаталъул министерствоялдасан районалъул боцIухъабазе ва ахихъабазе бачIун буго 6 550 252 гъурущ.

### Промышленность

Жакъа къоялде районалда хIалтIулел руго ООО «Русгидро» - ялъул ток гьабулел подразделенияби, КIикIуниб консервал гьарулеб завод, 7 чед бежулел жалго бетIергьанал пекарняби, 5 бетоналъул блокал гьарулел цехал. ГIаммаб къадаралда гьоркьохъел ва гIисинал предприятиязул къадар районалда бахуна 360 ялде.

КIикIуниб заводалъ къватIибе биччала сордо – къоялда жаниб 40 тонна соказул. 2025 соналда заводалъ гIадамазухъа бичун босун буго 699 тонна ахбазаналъул, 28 тонна ламадуралъул, 9 тонна хъабхъазул, 36 тонна помидоразул, 87 тонна цIолбол, 4 тонна кукамул, 2 тонна мокьрол. Завод хIалтIизе биччаялъ 37 чиясе кидаго ва 97 чиясе сезоналда хIалтIизе бакIал гьаруна.

2025 соналда гьабуна хIалтIи «ГIириб» компаниялъ, гьелъ рес кьуна 17 чиясе хIалтIизе бакIал гьаризеги.

Заводазул спонсорлъиялъул кумекалдалъун районалдасан хасаб рагъулаб операция гьабулеб бакIалде битIана гуманитарияб кумек.

### Лъайкьей

Районалъул лъайкьеялъул гIуцIабазда гьоркьоре уна 10 гьоркьохъел школал, 11 школазде цвезегIан лъайкьеялъул учреждениял, 2 лъималазулгун гIолилазул спортивияб школа ва цо лъималазул творчествоялъул рукъ.

Киналниги гIаммаб лъайкьеялда хIалтIулел руго 921 чи, гьездасан: школазда 508 чи, ясли – ахазда 321 чи, тIадеги лъайкьеялъул учреждениязда 92 чи. Районалъул администрациялъ «Одаренные дети» программаялъе биччана 2025 соналда 300 азарго гъурущ. Араб соналда ункъго лъималаз росана республикаялъул олимпиадабазда призалъулал бакIал.

2025 соналда 9 класс лъугIун 12 выпускникасе щвана аттестатал с отличием. 11 класс лъугIун цо цIалдохъаналъе щвана 1 даражаялъул «За особые успехи в учении» ва кIигоязе II даражаялъул.

## Сахлъи цIуни

Районалъул гIадамазул сахлъицIуниялда тIад хIалтIулеб буго цо районалъул централияб, кIиго участковыяб больница, лъабго тохтурлъиялъул амбулатория, 4 фельдшерлъиялъул ва 4 фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пункт. Жакъа къоялде унтаразе чIезе гьарун руго 172 койка.

Районалда ругел тохтурзабазул къадар бахуна 70 чиясде, гьоркьохъел медицинаялъул хIалтIухъаби 200 чиясде. Араб соналда гьоркьохъеб хIалтIул мухь букIана 32 123 гъурущ. Сахлъи цIуниялъул министерствоялдасан районалде бачIана лъабго автомашина. «Земский доктор» программаялда рекъон цонухалъулаб 1 млн. гъурущ гIарцул щвана цо чиясе.

## Культура

2025 соналда районалъул культураялъул отделалъул хIалтIухъабаз кIвар буссине гьабун букIана:

- КIудияб ВатIанияб рагъда 80 сон тIубаялде.
- Щибаб сонилаб тIолгороссиялъул трейловияб забегалде.
- «Живые традиции» фестивалалде.
- Дир ВатIан – Россия» концерт.
- «Песни, рожденные в боях» фестиваль.
- «Горцы» халкъаздагъоркьосеб фестиваль.
- ГIандадерил буртина фестиваль.
- «Мы вместе – Россия» фестиваль.
- ХъахIал къункъраби Республикаялъул байрам.
- «Туристы Дагестана» туристазул форум.
- «Хьергебдирил булбул» фестиваль.
- « Мы вместе» тIолгороссиялъул фестиваль Луганск шагьар.

## Спорт

Рохизе гьаруна нилъ районалъул спортсменазги. ЧIахIиял бергьенлъабаздасан ккола:

1. **Албуриев МухIамад** – франциялъул боксалъул рахъалъ Россиялъул чемпионаталда тIоцебесеб бакI.
2. **МухIамадов МухIамадзакир** – дзюдоялъул рахъалъ Россиялъул чемпионаталда тIоцебесеб бакI.
3. **ХIажиев АхIмад** – эркенаб гугариялъул рахъалъ республикаялъул, Северияб Кавказалъул Федералияб округалъул ва Россиялъул чемпионатазда тIоцебесеб бакI.
4. **Идрисов МухIамад** – эркенаб гугариялъул рахъалъ Северияб Кавказалъул Федералияб округалъул чемпионаталда тIоцебесеб бакI.
5. **Шамиль Шарипов** – эркенаб гугариялъул рахъалъ Дунялалъул ва азиялъул чемпионатазда 3 бакI.
6. **Шарипов МухIамад** – Эркенаб гугариялъул рахъалъ Дунялалъул чемпионаталда 3 бакI.
7. **Тажудинов АхIмад** – Эркенаб гугариялъул рахъалъ Дунялалъул чемпионаталда 3 бакI.

## Туризм ва хIухьбахъи

Районалда жакъа къоялде хIалтIулеб буго 24 гьалбадерил рукъзал ва 12 кафе. Аслияб къагIидаялда тIаде рачIарал гьалбадерие бокьулеб бакI буго ГIаймакдерил къварилъи ва Дарада росдада аскIоб бугеб борхалъи. 2025 соналда районалде рачIарал туристазул къадар 20 – 25 азарго чиясде бахана.

## Социалияб рахъ

Араб соналда язихъал хъизамазулгун гьабуна социалиял къотIи – къаял 12 914 588 гъурущалде.

Гьездасан:

- Бизнес рагьизелъун 4
- Жалго бетIергьанал магIишатал рачине 72
- ХIалтIизе бакIал ралагьизе - 7

Районалда руго жанир чIезе минаби гьечIел 36 бесдалал. Араб соналда жаниб бажарана цо бесдаласе мина гьабизе 2047 400 гъурущалде.

## СВО – ялъул гIахьалчагIазе кумек

2025 соналда хасаб рагъулаб операция гьабулеб бакIалда гIахьаллъи гьабулезе гьабуна кумек.

- 10 къотIи – къаял хъваразе кьуна цонухалъулаб кумек – 4 200 000 гъурущалде.
- 17 хъизамазе хъвана социалияб контракт боцIи босизе 2 550 000 гъурущалде.
- 2 захIматаб ахIвал – хIалада ругел хъизамазулгун хъвана социалияб контракт кумек гьабизелъун.
- 3 хъизамазулгун хъвана контракт жалго бетIергьанал предпринимателаллъун рахъине.

2025 хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабулезул къотIи – къаял хъвана 10 чиясе, цо « Каспий» батальоналдаги. Кидаго тIоритIула районалъул администрациялъул, росабазул бутIрул ва цогидалги жавабиял хIалтIухъабазулгун дандчIваял ва гьабула жидедаса бажарараб кумек.

«Солидарность» гурхIел – рахIмуялъул фондалдасан 800 000 гъурущ кьуна къотIи – къаял хъварал гIадамазе, 150 000 гъурущ хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабулезул лъималазе цIияб соналъулал сайгъатал росизе.

## Терроризмалда, наркоманиялда, коррупциялда дандечIей

Районалда оперативияб ахIвал – хIал буго гIодобиччараб. Терроризмалда хурхун законал хвезе гьариялъул хIужаби гьечIо. Гьелда дандечIей ва профилактика гьабиялъул хIалтIи аслияб къагIидаялда тIаде ккола терроризмалда дандечIей гьабиялъул комиссиялда. Мадугьалихъ ругел районалъулгун дандеккунгутIаби гьечIо. Араб соналда АТКялъ тIобитIана 4 данделъи, гьездасан кIигояб ирградулаб гуреб. Гьенир гьоркьорлъун халгьабиялде росун рукIана 16 суалал.

## 2025 соналда харж гьабуна:

- наркоманиялда данде рагъ гьабиялде 50 000 гъурущ.
- эктремизм ва терроризмалда данде – 400 000 гъурущ.
- коррупциялде данде 100 000 гъурущ.

ГIун бачIунеб гIелалъе битIараб тарбия кьеялъе 50 азарго гъурущ, дружинникаллъун гIадамал рачIиналъе 50 азарго гъурущ.

**«Хьаргаби район» муниципалияб районалъул бетIер М. ТIагьировасул районалъул депутатазул Собраниялъул сессиялда район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъул 2025 соналда гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ хIисаб кьеялъул докладалдасан къокъ гьабун.**

КУЛЬТУРА

# «Жея ясал» конкурс



**АнцIила анлъабилеб апрелалда Курми маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана «Жея, ясал!» абураб районалъул школазул 14-17 сон барал ясазул командабаз гIуцIун гьабураб конкурсалъул муниципалияб этап.**

КIалгIаялъуб букIана рохалилаб ахIвал-хIал. КъачIан, миллияб ратIлилъ цере рахънел рукIана цIалдохъаби-ясал. Конкурсалда гIахьаллъи гьабуна районалъул ункъго школаялъ: Хьаргаби №I школа, КIикIуниб школа, Хьаргаби №2 школа ва МогьохЪ школа.

Ясазул церерахъин байбихьана салам кьеялдалъун. **ТIоцебесеб** номинациялда ясаз бихьизе гьабизе ккола **кьурдул творчество**. Балагьаразе лъикIаб асар гьабуна тириго, берцинго кьурдулел ясаз. **КIиабилеб** церерахъин букIана **миллияб форма** бихьизе гьаби ва бицин. **Лъабабилеб** номинация букIана **миллияб квен** гьабун бачIине ва гьелъул хIакъалъулъ баян кьезе. **Ункъабилеб** букIана Россиялъул халкъал цолъиялъе суалазе **хехал жавабал** кьеялъул къецал.

Конкурсалда гIахьаллъараз бихьизабуна гьабулеб ишалъулъ жидерго бажари, махщел ва пагьму-гьунар. Халгьабулаго жюриялъе цIакъ захIмат букIана церерахъиналъе къимат кьезе ва бергьаразда цIарчIвазе. Кин гурониги, щварал баллазул хIасилазухъ балагьун лъикIаздаса лъикIал тIаса рищана.

ТIоцебесеб командаялъулаб бакI щвана Хьаргаби №2 школалъул цIалдохъабазе, кIиабилеб бакIалде бачIана КIикIуниб школалъул команда ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Хьаргаби №I школалъул команда.

Бергьаразе ва призалъул бакIал росаразе кьуна дипломал ва къиматал сайгъатал.

Къецазда тIоцебесеб бакIалде рачIарал командаялъул ясал гIахьаллъи гьабизе буго Республикаялъул этапалда.

Къуват ва гьунар кьеги Хьаргаби №2 школалъул ясазе гьенисаги бергьенлъигун тIад руссине.

## ГУНИБСКАЯ МЕЖРАЙОННАЯ ПРОКУРАТУРА РАЗЪЯСНЯЕТ

# УСИЛЕНА АДМИНИСТРАТИВНАЯ ОТВЕТСТВЕННОСТЬ ВОЕННООБЯЗАННЫМ









**Статьей 21.5 КоАП РФ предусмотрена административная ответственность за неисполнение гражданами обязанностей по воинскому учету.**

Федеральным законом от 07.07.2025 № 202-ФЗ указанная статья дополнена частью 2.1, согласно которой с 1-5 тыс. руб. до 10-20 тыс. руб. увеличен размер административного штрафа за несообщение гражданином в военный комиссариат или орган, осуществляющий первичный воинский учет, сведений о переезде на новое место пребывания либо неявку в военный комиссариат в случае переезда на новое место пребывания, не подтвержденные регистрацией.

**Статьей 10 Федерального закона от 28.03.1998 № 53-ФЗ «О воинской обязанности и военной службе» установлен двухнедельный срок на сообщение об изложенных событиях, который исчисляется со дня их наступления.**

Информированию подлежат: военный комиссариат либо местная администрация соответствующего поселения, муниципального или городского округа, осуществляющая первичный воинский учет.

Законом предусмотрены различные способы такого сообщения:

- в письменной форме;
- в электронной форме через Портал государственных и муниципальных услуг (функций).

**Вышеуказанные изменения вступили в законную силу с 07.07.2025.**

## Последствия привлечения юридического лица к ответственности по статье 19.28 КоАП РФ.

За незаконное вознаграждение от имени или в интересах юридического лица лица предусмотрена ответственность по статье 19.28 КоАП РФ.

Объективная сторона правонарушения выражается в незаконных передаче, предложении или обещании от имени или в интересах юрлица (либо в интересах связанного с ним юрлица) должностному лицу (лицу, выполняющему управленческие функции в коммерческой или иной организации, иностранному должностному лицу либо должностному лицу публичной международной организации) денег, ценных бумаг или иного имущества, оказании ему услуг имущественного характера либо предоставлении ему имущественных прав.

Привлечь к ответственности по данной статье могут только юридическое лицо.

Административное наказание состоит из штрафа с конфискацией имущества, выступающего объектом коррупционного правонарушения.

Сумма штрафа варьируется в зависимости от того, совершено ли правонарушение в обычном размере (до 1 млн рублей), крупном (более 1 млн рублей) или особо крупном (более 20 млн рублей).

Срок давности, в течение которого организация может быть привлечена к административной ответственности по статье 19.28 КоАП РФ, составляет 6 лет со дня совершения правонарушения.

Привлечение к ответственности по статье 19.28 КоАП РФ влечет не только административное наказание, но и ограничивает последующую возможность участия юридического лица в закупках для государственных и муниципальных нужд.

Сведения о привлечении юридического лица к ответственности включаются в «Перечень юридических лиц, привлеченных к административной ответственности по статье 19.28 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях», который ведется Генеральной прокуратурой Российской Федерации и отражаются в едином реестре участников закупки.

Комиссии по осуществлению закупок проверяют, привлекалась ли организация к административной ответственности за рассматриваемое правонарушение в последние 2 года до момента подачи заявки на участие в закупке. Нарушение данного условия является основанием для ее отстранения от участия в закупке и отклонения ее заявки.

Подача заявки, не отвечающей требованиям закона, предъявляемым к ее участникам, как и последующее участие в процедуре определения победителя, является прямым нарушением закона, равно как и действия заказчика, игнорирующего обязательные требования.

Если же закупочная процедура была проведена, и организация заключила контракт, то по иску прокуратуры результаты ее проведения, оформленные протоколом, и сам контракт могут быть признаны недействительными.

## РУЗНАМА
### Рекомендуемая советом алимов Муфтията РД Для Гергебильского района РД

# МАЙ

| Дата | Утренний | Восход солнца | Обеденный | Аср | Вечерний | Ночной |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 03:00 | 04:45 | 11:54 | 15:43 | 18:56 | 20:20 |
| 2 | 02:58 | 04:43 | 11:54 | 15:44 | 18:57 | 20:21 |
| 3 | 02:57 | 04:42 | 11:54 | 15:44 | 18:58 | 20:23 |
| 4 | 02:55 | 04:41 | 11:54 | 15:44 | 18:59 | 20:24 |
| 5 | 02:53 | 04:39 | 11:54 | 15:45 | 19:00 | 20:26 |
| 6 | 02:51 | 04:38 | 11:54 | 15:45 | 19:01 | 20:27 |
| 7 | 02:49 | 04:37 | 11:54 | 15:45 | 19:02 | 20:29 |
| 8 | 02: 47 | 04:36 | 11:54 | 15:46 | 19:03 | 20:30 |
| 9 | 02: 46 | 04:34 | 11:54 | 15:46 | 19:05 | 20:32 |
| 10 | 02:44 | 04:33 | 11:54 | 15:46 | 19:06 | 20:34 |
| 11 | 02:42 | 04:32 | 11:54 | 15:47 | 19:07 | 20:35 |
| 12 | 02:40 | 04:31 | 11:54 | 15:47 | 19:08 | 20:37 |
| 13 | 02:39 | 04:30 | 11:54 | 15:47 | 19:09 | 20:38 |
| 14 | 02:37 | 04:29 | 11:54 | 15:48 | 19:10 | 20:40 |
| 15 | 02:35 | 04:28 | 11:54 | 15:48 | 19:11 | 20:41 |
| 16 | 02:34 | 04:27 | 11:54 | 15:48 | 19:12 | 20:43 |
| 17 | 02:32 | 04:26 | 11:54 | 15:49 | 19:13 | 20:44 |
| 18 | 02:31 | 04:25 | 11:54 | 15:49 | 19:14 | 20:46 |
| 19 | 02:29 | 04:24 | 11:54 | 15:49 | 19:15 | 20:47 |
| 20 | 02:28 | 04:23 | 11:54 | 15:50 | 19:16 | 20:48 |
| 21 | 02:26 | 04:22 | 11:54 | 15:50 | 19:17 | 20:50 |
| 22 | 02:25 | 04:21 | 11:54 | 15:50 | 19:18 | 20:51 |
| 23 | 02:23 | 04:20 | 11:54 | 15:51 | 19:19 | 20:53 |
| 24 | 02:22 | 04:20 | 11:54 | 15:51 | 19:20 | 20:54 |
| 25 | 02:21 | 04:19 | 11:54 | 15:51 | 19:21 | 20:55 |
| 26 | 02:19 | 04:18 | 11:54 | 15:52 | 19:22 | 20:57 |
| 27 | 02:18 | 04:18 | 11:54 | 15:52 | 19:23 | 20:58 |
| 28 | 02:17 | 04:17 | 11:54 | 15:52 | 19:23 | 20:59 |
| 29 | 02:16 | 04:16 | 11:55 | 15:52 | 19:24 | 21:01 |
| 30 | 02:15 | 04:16 | 11:55 | 15:53 | 19:25 | 21:02 |
| 31 | 02:13 | 04:15 | 11:55 | 15:53 | 19:26 | 21:03 |

*Цо гIакъилаб рагIиялъ гIадлуялде рачуна*
*Цо тIамураб кициялъ канал берал рагьула*

***Инхоса ГIали-хIажияв***

## Авар кицаби ва абиял

ГьетIараб хьоп гIадав, хьагил бутI гIадав.
ГьетIаралда битIарабилан абулев, битIаралда гьетIарабилан абулев.
ГьетIизабе, бекун рехуге.
ГьечIеб лъурасде лъалареб бачIаги.
ГьечIеб нилъ рижараб ракь гIадинаб бакI.
ГьечIеб рещцалъ чIвазе вукIунге.
ГьечIеб рогьо байги – бергьараб мунагь, гьечIеб рецц гьабиги – гьадабго мунагь.
ГьечIелъубе бакъ щвани, къадги чирахъ бакулеб.
ГьечIого гIоларебги - квен, кваназе лъаларезе балагьлъун ккарабги - квен.
ГьечIолъиялъ къарал къел, къан бечелъарал гьид.
ГьецIаби сокIкIун, си гIолеб, гьитIинал гьунарал тIатIалалъун, кIудияв бахIарчи лъугьунев.
ГьоцIоги цIерлъараб, цIерги маххлъараб мехалъ сапар бухьунгейила.
ГьецIолъ щвараб гулла - билараб гулла.
Гьикъизе нечоге, лъачIого вукIине неча.
ГьикъичIого бицарав цIам гьечIеб чурпа вуго.
ГьикъичIого босараб жо – бикъараб жо; бихьичIого бицараб жо - кьучI гьечIеб жо.
Гьикъулареб бицунге, бицунареб гьикъуге.
Гьикъун къо бачIунареб.
Гьикъун херлъуларел, гьикъун холарел.

Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIияв соназдa газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
Заказ №________. Тираж 700 экз.

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахьула гьезие халкьалъ кьимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хьван лъихьаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

Индекс 51350.
Цена свободная.

Подписано в печать
23 апреля 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00